К-10-1

# АДЫГЭБЗЭМРЭ ЛИТЕРАТУРЭМКIЭ ОЛИМПИАДЭ

100 б

## 10 КЛАСС

**1.** *Махуэр уейщи, жьы зэпихум хуарзэу уэсыр кърехьэкI.* Мы сатырым хэтщ

а) макъзешэу 14; б) макъзешэу 15; в) макъзешэу 16; г) макъзешэу 17.

**2.** Макъ дэкIуашэ зэгуэгъуищ (жьгъыжьгъ, дэгу, пIытIа) мы псалъэм хэтщ:

а) дытетIысхьащ; б) пIэтIрэжаныфэ; в) гъуэгурыкIуэ; г) лэнысталъэ.

**3.** *СемышкIэ, сэхуран* къэкIыгъэцIэм синоним мы псалъэр хуохъу:

а) зэнтхъ; б) гъасэ; в) хъурмыж; г) дыгъэгъазэ.

**4.** *Псыкъуийм къисшурэ жэмыр псы езгъэфащ, хьэщбэкхъым къездзыхри мэкъу естащ, къакъырэр къэзгъэкъэбзащ, уэщымкIэ пхъэ скъутэри пыщIыкIым щIэсхьащ, джэдкъазыр згъэшхащ, итIани зэманыр къулъшыкъум нэса къудейщ.* Мы псалъэухам къыхэтхыкIын:

а) диалект псалъэхэр къакъырэ

б) жьы хъуа псалъэхэр уэщ

в) ди бзэм къиищта хамэ псалъэхэр ющ, зэман, къулъшыкъу

г) псалъэпкъитIу зэхэт псалъэхэр хьэщбэкхъ, джэдкъаз

**5.** Пэжу тха псалъэр къыхэхын:

а) бзаджэнаджэ; б) бзэджэнаджэ; в) бзаджэ-наджэ; г) бзэджэ-наджэ.

**6.** *Дэ фэ дывдоплъей.* Мыбдеж етIуанэ щхьэм и щхьэ цIэпапщIэу къыщыкIуар

а) обстоятельственнэ падежым итщ; б) послеложнэ падежым итщ;

в) именительнэ падежым итщ; г) эргативнэ падежым итщ.

**7.** Мы псалъэухам уступительнэ наклоненэ зиIэ глагол къыщокIуэ:

а) *Мыр уэ пхуэсIуэтэжкIи, си сабий гъащIэ блэкIам уеубзэжыфынкъым;*

б) *Си анэр гуззваш, дэжеящ, къежэхащ, хьэблэр къызэхижысхьащ;*

в) *Станцым нэси унигъэсмэ, ар бзэм дежкIэ уфIэмащIэ;*

г) *Ар сымыщIэу щытыгъатэм, кIэщI дыдэнут сэ си гъащIэр.*

**8.** *Нобэ махуэр псынщIэу иухащ.* Мы псалъэухам обстоятельствэу хэуващ

а) зэман, щхьэусыгъуэ къэзыгъэлъагъуэ наречиехэр;

б) зэман, лэжьыгъэм и къэхъукIэ наречиехэр;

в) мардэ, зэман къэзыгъэлъагъуэ наречиехэр;

г) щIыпIэ, щхьэусыгъуэ, зэман къэзыгъэлъагъуэ наречиехэр.

**9.** Мы псалъэухам и подлежащэр еигъэ цIэпапщIэу къэкIуащ:

а) *Абыхэм я пщIантIэм зыгуэр дохьэри шындэбзиймкIэ йокIуэкI;*

б) *Ди саугъэтыр епщIанэ классым фыфейщ, ар фэ къэвлэжьащ.*

в) *МазищкIэ нэмыцэхэм яIыгъа си къуажэм дыдейхэр къекIуэлIэжат.*

г) *Хэт жьыуэ къэтэджми, абы насып егъуэт.*

**10.** *Махуищ нэхъ дэмыкIыу, шум игъуэта уIэгъэр кIыжын щIидзащ.* Мы псалъэухам и сказуемэу къэкIуар

а) глагол сказуемэ къызэрыкIуэщ; б) цIэ-сказуемэ зэхэтщ;

в) цIэ-сказуемэ къызэрыкIуэщ; г) глагол сказуемэ зэхэтщ.

**11.** Мы псалъэухам дополненэ зэлъэпкъэгъу къыщокIуэ:

а) Мусэрэ Муратрэ псэлъэн щIадзэ; б) Мурат зэгуэпащ, пэпщащ, и къэпталым есэбэуащ;
в) Махуэр уэмт, мамырт; г) Шыхулъагъуэм, Вагъуэбыным, Вагъуэзэшиблым сеплъу сыхэлът.

**12.** Псалъэухам фыкъеджэ, къызыхуэт хьэрфхэмрэ нагъыщэхэмрэ фтхыж.

Зэман зэманкIэрэ з.кIэлъхьэужьу блэж маш.нэхэр къегъэувыIэри арых.эу зи нэщхъыфIагъ.р нэгум имыкI Лусэ пыгуфIыкIыжу абы и пащхьэ къохутэ дэлъхум и тыгъэ лъапIэр кI.синкIэ щIэрыпсыр телъых.эщ

**13.** *«Алмэсты мажьэ»* псалъэ шэрыуэр хужаIэ хабзэщ:

а) зи мурадхэр зэзыгъэхъулIэф, зыхуейр цIыхухэм къезыгъэщIэфым;
б) и мыIуэху зэрихуэу, жимыIэпхъэ жиIэу, цIыхуитI зриушту дэтым;
в) бзылъхугъэ гъэфIам, Iуэху щIэным, лэжьыгъэм зыщызыдзейм;
г) жьэ бзаджэ зиIэ, гурыуэу куэд жызыIэ, цIыхубз хъущIэрейм.

**14.** Псалъэжьыр нэвгъэсыж. *«Мывэ сыныр мэкIуэдыж, мыкIуэдыжыр ...»*

а) акъылщ; б) былымщ; в) бынщ; г) уэрэдщ.

**15.** «Къамботрэ Лацэрэ» тхыгъэм къыхэщыж Тембот, илъ ищIэжу, иукIащ

а) ЗекIуэлIокъуэ; б) Аслъэнокъуэ; в) Ашэжьокъуэ; г) Мэхъэшокъуэ.

**16.** *Хыр си шакъалъэу,*
*Къалэм хуэфащэ сиIатэм,*
*Ди ТекIуэнығъэм и усэр,*
*ДыщэпскIэ уафэм истхэнт* – мы усэр итхащ

а) КIуащ БетIал;
б) Мыкъуэжь Анатолэ;
в) КIыщокъуэ Алим;
г) Тхьэгъэзит Зубер.

**17.** КIэрашэ Т. и «Шапсыгъ пщащэ» повестым къыхощыж адыгэлI цIэрыIуэ

а) Андемыркъан; б) Хьэтх Мыхьэмэт; в) Идар Темрыкъуэ; г) Абрэдж Нухь.

**18.** Шортэн Аскэрбий и *«Мурат»* пьесэм къыхэщыж *Дек*

а) бгырыс зауэлIхэм я Iэтащхьэщ;
б) хэкупщ Бомэт и къуэщ;
в) инджылыз миссием и лIыкIуэщ;
г) Урысейм къикIыу, Кавказым къагъэкIуа революционерщ.

**19.** УсакIуэ КIуащ БетIал мыпхуэдэ поэмэ итхащ:

а) «Си хэку»; б) «Индыл»; в) «Къытехьэ бгыпэм»; г) «Нэху».

**20.** КIыщокъуэ Алим лъахэм хуиIэ лъагъуныгъэр къыщигъэлъэгъуащ

а) «Кхъужьей къудамэ» усэм; б) «Си дыгъэ» усэм;
в) «ЗэкъуэшитI» усэм; г) «Дунейм имыIэ къегъэжьапIэ» усэм.